



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**AVOKA POU GOUVÈNÈ ALPHONSO DAVID VOYE YON LÈT BAY PREZIDAN AK
DIREKTÈ EKZEKTIF JENERAL PSC A POU LI SOULVE KESYON KONSÈNAN
CHARTER COMMUNICATIONS**

Avoka pou Gouvènè Alphonso David jodi a te voye yon [lèt](#) ki souleve kesyon konsènan Charter Communications.

Men tèks lèt la:

2 Oktòb 2017

John Rhodes
Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral
New York State Public Service Commission
Empire State Plaza
Agency Building 3
Albany, NY 12223-1350

Chè Mesye Rhodes,

M'ap ekri pou mwen souleve kesyon ijan konsènan Charter Communications ("Charter") ki bezwen atansyon ou imedyatman.

An premye, mwen te aprann ke Charter pa ofri sèvis a gran vitès nan zòn ki san aksè yo, sa ki sanble vyole tèm ak kondisyon esansyèl yo ki nan akò fizyon ant Charter ak Time Warner Cable ak Eta New York lan. Ofri aksè a gran vitès nan tout Eta a se youn nan pi gwo inisyativ Gouvènè Cuomo. Paske Charter pa reyisi respekte tèm akò fizyon an bonè konsa nan pwosesis la, sa souleve kesyon enpòtan sou kapasite Charter pou li ranpli obligasyon li yo nan tan fiti.

Dezyèmman, yo te aprann mwen ke Charter te anplwaye 1,700 anplwaye ki gen eksperyans lè Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) lan te apwouve fizyon Charter a. Yo te aprann mwen tou ke Charter te deklare devan Komisyon an ke li ta pral kenbe anplwaye ki gen talan e ki gen eksperyans nan

pozisyon kote yo entè-aji ak kliyan yo. Sepandan, mwen konprann akòz grèv ki gen kounye a, yo te diminye mendèv anplwaye Charter yo nan kantite ak nan talan, sa ki fè kliyan yo vin vilnerab pou jwenn move sèvis. Kidonk aksyon Charter yo kontredi deklarasyon li te fè bay regilatè ki nan Eta a.

Charter ap ofri yon sèvis ki esansyèl bay sitwayen New York yo, e pwoblèm sa yo kreye gwo inkyetid sou volonte li pou li bay sèvis sa yo jan li te deklare nan akò fizyon li an. Tanpri, analyze pwoblèm sa yo imedyatman epi pran tout mezi ki nesèsè pou asire ke moun New York yo ap resevwa sèvis ak aksyon ke yo te pwomèt yo nan akò fizyon an.

Sensè Salitasyon,

ALPHONSO DAVID

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418